

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung pedaran dina Bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis wawangsalan saméméh ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW) kagolong kana kurang atawa can mampuh, rata-rata peunteunna 56 (≤ 76). Hartina siswa can mampuh nulis wawangsalan. Ieu hal katitén tina peunteu unggal aspék anu masih kurang tina skor maksimal. Kamampuh tina aspék éjahan masih kénéh “kurang” kalayan rata-rata 2,54; kamampuh pilihan kecap (diksi) rata-rata peunteunna 2,51 anu kaasup kana kritéria “kurang”; kamampuh guru wilangan rata-rata peunteunna 2,58 anu kaasup kana kritéria “kurang”; kamampuh karapihan tulisan rata-rata peunteunna 2,9 anu kaasup kana kritéria “sedeng”; sarta kamampuh hubungan eusi jeung wawangsalan rata-rata peunteunna 2,7 anu kaasup kana kritéria “sedeng”.
- 2) Kamampuh nulis wawangsalan sanggeus ngagunakeun modél *Think-Talk-Write* (TTW) kagolong kana hadé atawa geus mampuh, rata-rata peunteunna 80 (≥ 76). Hartina siswa geus mampuh nulis wawangsalan. Ieu hal katitén tina peunteu unggal aspék anu asup kana kritéria hadé. Kamampuh tina aspék éjahan geus “hadé” kalayan rata-rata 3,7; kamampuh pilihan kecap (diksi) rata-rata peunteunna 3,9 anu kaasup kana kritéria “hadé”; kamampuh guru wilangan rata-rata peunteunna 4,22 anu kaasup kana kritéria “hadé”; kamampuh karapihan tulisan rata-rata peunteunna 4,05 anu kaasup kana kritéria “hadé”; sarta kamampuh hubungan eusi jeung wawangsalan rata-rata peunteunna 4,06 anu kaasup kana kritéria “hadé”.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) katitén tina rata-rata peunteun awal anu dicangking siswa nyaéta 56, sedengkeun rata-rata peunteun ahir anu dicangking siswa nyaéta 80. Béda kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) dibuktikeun dina uji hipotésis. Katitén yén hasil itungan nétélakeun

$t_{itung} > t_{tabel}$ nyaéta $15,04 > 2,46$. Hartina dina taraf kapercayaan 99% hipotésis ditarima. Ieu hal ngabuktikeun yén modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) cocog pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-D SMPN 26 Bandung taun ajaran 2015/2016. Kaépéktipan modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) katitén tina ngaronjatna kamampuh nulis wawangsalan dina unggal aspék. Dina aspék éjahan hasil rata-rata $2,54 \approx 2$ ngaronjat jadi $3,7 \approx 4$; aspék kosa kecap (diksi) tina hasil rata-rata $2,51 \approx 2$ ngaronjat jadi $3,9 \approx 4$; aspék guru wilangan tina hasil rata-rata $2,58 \approx 2$ ngaronjat jadi $4,22$; aspék karapihan tulisan tina hasil rata-rata $2,9 \approx 3$ ngaronjat jadi $4,05$; sarta aspék hubungan eusi jeung wawangsalan tina hasil rata-rata $2,7 \approx 3$ ngaronjat jadi $4,06$. Jadi, modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis wawangsalan.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) dina kamampuh nulis wawangsalan. Larapna modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanana siswa jadi leuwih kréatif, siswa leuwih wani dina ngébréhkeun ide jeung sawangan anu aya dina pikiranana, siswa jadi leuwih kritis, jeung siswa leuwih aktif dina diskusi jeung babaturanana ku sabab ieu modél dilarapkeun dina diskusi kelompok. Modél pangajaran kelompok leuwih éféktif ku sabab siswa diajar diskusi dina ngaréngsékeun pasualanana.

5.3 Rékomendasi

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis wawangsalan ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW), aya sababaraha rékomendasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa langkung hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, diantarana nyaéta:

- 1) modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan. Ku kituna, modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran nulis wawangsalan;

- 2) dina panalungtikan nulis wawangsalan ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, diantarana nyaéta: (1) kudu maham kana léngkah-léngkah modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW); (2) ngararancang pangajaran kalayan bener; (3) kudu bisa nyiptakeun suasana atawa kaayaan sangkan ngirut, sarta (4) kudu pinter dina ngondisikeun waktu; jeung
- 3) dipiharep ayana panalungtikan modél *Think-Talk-Write* (TTW) dina pangajaran nulis atawa pangajaran séjénna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun kaépéktipan modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW).